



CHA
Health Plan

Ou ka *viv* an Sante ak VIH/SIDA



Yo dyagnostike VIH/SIDA pou premye fwa an 1981. Depi lè a anpil pwogrè fèt nan tretman. Kounye a gen plis pase 30 medikaman pou trete VIH. Jodi a moun kapab viv yon vi byenpòtan si yo siveye sante yo ak swiv tout konsèy doktè yo. Si ou oswa yon byenneme ou ap viv swa ak VIH oubyen SIDA enfòmè ou, chache tretman ak mande èd. Chache jwenn sipò ou bezwen pou mentni ou an sante.

Sit Entènèt pou Plis Enfòmasyon::

www.thebody.com
www.thewellproject.org
www.napwa.org
www.positivelyaware.org

Kèk ti konsèy pou ede ou viv byen ak VIH/SIDA:

- » Al wè yon espesyalis VIH chak 3 a 4 mwa epi swiv konsèy li yo
- » Fè analiz san kankou analiz CD4 (to globil) ak to chaj viris la pou ede ni ou ni doktè ou swiv pwogrè viris la e pran tout desizyon konsènan tretman
- » Komanse ak tretman an. Tout etid yo demontre ke yon moun ki swiv tretman an kapab reyisi kontwole viris la ak and epwouve mwens pwoblèm ki gen rapò ak maladi VIH
- » Pratike kontak seksyèl ak prekosyon si ou vle evite chans transmèt viris la ba lòt ak kontajye ak lòt maladi oswa lòt souch VIH
- » Dòmi ase, manje byen e fè egzesis pou mentni ou byenpòtan
- » Al wè lòt doktè e chache jwenn tretman ki nesèsè pou tout lòt kondisyon sante